



Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEKLARE ETA DIJANS POU TOUT VIL NEW YORK, LONG ISLAND AK REJYON HUDSON VALLEY AKÒZ GWO LAPLI KI LAKÒZ INONDASYON RAPID**

*Yo rapòte plis pase sis pous lapli nan Brooklyn nan vandredi matin*

*Alèt inondasyon rapid yo anvigè pou rejyon ki pi afekte yo*

*Nou egzòte Nouyòkè yo pou yo itilize prekosyon jiskaske yo leve avètisman inondasyon yo ak evite mache oswa kondwi atravè debòdman inondasyon yo*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a ap siveye kondisyon ak kowòdinasyon tout bezwen repons yo avèk gouvènman lokal yo*

Gouvènè Kathy Hochul te deklare jodi a yon Eta Ijans pou tout Vil New York, Long Island ak rejyon Mid-Hudson, pandan gwo lapli kontinye ap tonbe nan rejyon sid eta a. Yo rapòte sis pous lapli te tonbe nan Brooklyn, avèk kantite lapli maksimòm twa pous pa èdtan, sa ki lakòz inondasyon rapid avèk anpil enpak sou vwayaj ak transpò piblik ki gen rapò ak tanpèt vandredi matin.

"M ap pibliye yon Eta Ijans pou Vil New York ak konte ki alantou yo ki anvigè imedyatman, pou ede fè fas a tanpèt ak inondasyon k ap kontinye nan zòn ki afekte yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ekip nou an kontak sere ak patnè vil nou yo ak konte yo epi yo pare pou bay nenpòt sipò ki nesèsè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite".

Anba direksyon Gouvènè Hochul, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la te aktive Sant Operasyon Ijans Eta a pou siveye aktivman kondisyon tanpèt la an tan reyèl epi sipòte demann asistans gouvènman lokal yo. Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Eta a te aktive tou Sant Operasyon Ponpye li a pou deplwaye ekip sekou nan ka inondasyon nan Konte Nassau ak nan Konte Westchester pou ede ak repons ijans nan ka inondasyon.

Sèvis Meteyo Nasyonal la te pibliye yon Siveyans pou Inondasyon pou pifò Vil New York, Long Island ak rejyon Hudson Valley. Y ap pibliye avètisman sou inondasyon rapid yo amezi kondisyon yo ap chanje. Avi sou inondasyon kotyè yo anvigè tou.

Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service, NWS) la nan [alerts.weather.gov](https://alerts.weather.gov). Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo enskri pou NY Alert, sistèm alèt ijans gratis Eta a, nan [alert.ny.gov](https://alert.ny.gov). Yo ka voye enfòmasyon ijans konte pa konte atravè tèks oswa imèl.

## **Repons Siplemanchè Ajans Eta a**

### **Depatman Transpò Eta New York la**

Anvan tanpèt la, fòs Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a te aktivman netwaye drenaj tanpèt la ak goutyè yo pou asire dlo kontinye sikile. Kounye a ekip yo ap fè patwouy aktivman sou wout nan sid eta a yo epi y ap siveye kondisyon inondasyon yo, netwaye pye bwa ki tonbe yo epi y ap tann pou kondisyon inondasyon yo bese.

Inondasyon an ap fèt sou wout yo atravè Vil New York.

Nan Hudson Valley gen fèmti sa yo:

- Bronx River Parkway Tou De Direksyon yo, nan Palmer Avenue, Yonkers
- Bronx River Parkway Tou De Direksyon yo, nan Exit 21 - NY 119 - Tarrytown Road; Chatterton Avenue, White Plains
- Sprain Brook State Parkway Tou De Direksyon yo, ant START ROUTE Sprain Brook State Parkway ak Exit - NY 100, Eastchester
- Bronx River Parkway nan Direksyon Nò, nan Cross County Parkway, Mount Vernon
- Sprain Brook State Parkway nan Direksyon Nò, nan Jackson Avenue, Greenburgh
- NY 117 Tou De Direksyon yo, nan Old House Lane, New Castle
- Saw Mill River Parkway Tou De Direksyon yo, ant I-287; Ramp ak Exit 20 - I-87, Greenburgh

Nan Long Island gen fèmti sa yo:

- Tout wout yo rete ouvri
- Northern State Parkway nan direksyon lès nan Meadowbrook State Parkway – vwa gòch la inonde, DOT sou plas
- Long Island Expressway North Service Road toupre Lakeville Road – tout vwa yo inonde men ka itilize.
- Southern State Parkway nan direksyon lwès toupre echanjè Cross Island Parkway/Belt Parkway – vwa gòch ak dwat yo inonde, DOT sou plas
- Yo retire pye bwa nan Wantagh State Parkway nan direksyon nò nan Sunrise Highway
- Wantagh State Parkway ak Bay Parkway – inondasyon degaje

- Ranp nan Crooked Hill Road rive nan direksyon nò Sagitkos State Parkway – inondasyon degaje; DOT sou plas ak ponpaj

Siveye 511 pou enfòmasyon sou dènye kondisyon wout yo nan zòn ou an.

### **Otorite Transpò Metwopoliten**

Ekip MTA yo nan sistèm nan ponpe dlo ki soti nan zòn fewovye a pou retabli sèvis ki an sekirite, ki fyab sou tren ak Metro-North Railroad. Sèvis Long Island Rail Road la ap fonksyone nan menm orè a oswa prèske nan menm orè a. Kliyan yo ta dwe pèmèt plis tan pou vwayaje si yo dwe fè sa, epi kontinye tcheke [new.mta.info](http://new.mta.info), aplikasyon myMTA ak Train Time pou enfòmasyon sou sèvis an tan reyèl.

### **Lapolis Eta New York**

Lapolis Eta a ap siveye sityasyon an aktivman epi kowòdone avèk patnè nou yo nan DHSES, NYSTA, DOT ak lòt ajans yo. Nou te mennen plis pèsònèl epi nou konsantre efò nou sou otowout ak lòt zòn ki gen tandans inonde yo. Nou gen yon ekip sekou nan ka inondasyon ki gen 6 manm ki ekipe ak yon idwoglès ak yon bato gonflab rijid ki deplwaye nan Konte Westchester epi kounye a yo ap tcheke veyikil ki anba dlo nan New Rochelle. Yon lòt ekip sekou nan ka inondasyon ap sou wout Westchester pou ranplase ekip aktyèl la a 3:00 pm epi nou gen yon 3yèm ekip k ap prepare pou deplwaman.

### **Depatman Sèvis Piblik**

Plis pase 2,000 kliyan nan rejyon sid eta a kounye a san kouran akòz gwo lapli. Ekip evalyasyon domaj, reparasyon ak restorasyon ki soti nan konpayi sèvis piblik yo ap travay pou minimize ak repare tout enpak sou enfrastrikti sektè enèji, epi Depatman Sèvis Piblik la an kontak dirèk ak lidèchip operasyon sèvis piblik yo epi swiv repons ak efò restorasyon sèvis piblik yo.

### **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon Rapid**

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhSES.ny.gov/safety-and-prevention>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)